

Kèk Enfòmasyon Rapid: Vaksen COVID-19 yo

Ale nan [MyVaccine.FL.gov](https://www.MyVaccine.FL.gov) pou enskri alavans pou vaksen nan sit Eta a soutni nan zòn ou an.



Sistèm sekirite vaksen Etazini an asire tout vaksen yo an sekirite otank posib: Vaksen COVID-19 te pase nan menm estanda sekirite tankou lòt vaksen yo.

Vaksen COVID-19 yo aprann kò ou fason pou rekonèt ak konbat viris ki lakòz COVID-19 la. Vaksen an:

- Pa ba ou COVID-19.
- Ka anpeche ou malad gravman menm si ou trape COVID-19.



Aprè vaksinasyon an, ou ka gen kèk efè segondè—yo pral disparèt nan lespas kèk jou. Efè segondè yo se siy nòmal ki endike kò ou ap devlope yon pwoteksyon. Efè segondè yo gen ladan:

- Doulè ak anflamasyon nan bra ki pran piki a.
- Lafyè, frison, fatig ak maltèt.



Sant Dapèl
COVID-19 Florida:
1-866-779-6121,
peze 3

Si ou enkyete pou sèten efè segondè, rele:


- Founisè swen sante ou.
- Sant Dapèl COVID-19 la nan 1-866-779-6121, epi peze 3 pou ou pale avèk yon pwofesyonèl medikal (sant dapèl la louvri 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt).



Ou vaksinen konplètman lè kò ou te devlope pwoteksyon kont viris la. Sa se de semèn apre:

- Dezyèm dòz vaksen Pfizer-BioNTech lan oswa Moderna a.
- Yon sèl dòz vaksen Janssen Johnson & Johnson lan.

Jiskaske ou fin vaksinen konplètman, kontinye itilize kouch pwoteksyon kont COVID-19 yo: mete yon mask, rete 6 pye distans separe ak lòt moun, evite foul moun ak espas ki pa gen bon sikilasyon lè, epi lave men ou anpil.



Nou kontinye ap aprann nan ki pwen vaksen yo efikas, ak pandan konbyen tan yo kapab pwoteje moun. Pou kounye a, apre ou fin vaksinen konplètman, kontinye itilize kouch pwoteksyon kont COVID-19 yo lè ou:

- An piblik.
- Nan rasanbleman avèk moun ki pa pran vaksen ki ap viv nan lòt kay.
- Vizite yon moun ki pa pran vaksen ki gen plis risk pou maladi grav oswa lanmò nan COVID-19 oswa ki abite avèk yon moun ki gen plis risk.

**Florida
HEALTH**

Vaksen COVID-19 la gratis pou moun k ap viv Ozetazini. Aprann plis nan [CDC.gov/Coronavirus/2019-nCoV/Vaccines/KeyThingsToKnow.html](https://www.CDC.gov/Coronavirus/2019-nCoV/Vaccines/KeyThingsToKnow.html).